

## **Interventions (Entèvansyon)**

**Mildred Howard: In the Line of Fire (Nan Liy Dife)**

**Ned Smyth: Moments of Matter and Life (Moman Matyè Lavi)**

*Interventions* se yon pwojè ki òganize an patenarya avèk Battery Park City Authority ki konsantre sou ekspozisyon paralèl travay Mildred Howard ak Ned Smyth. Yo tou de se atis remakab ki te kreye kò travay distenge epi ki gen istwa vast nan kreye travay Atizay Piblik, epi yo chak kounye a gen travay sou panorama nan pak piblik yo ak espas ouvè yo nan Battery Park City.

Wòl Atizay Piblik nan Vil New York deja evolye dramatikman soti nan premye moniman ki sanksyone pa eta yo. An 1960 ak 70s yo te konstate yon repansè fondamantal nan wòl nan Atizay Piblik kòm New York te kòmanse adopte itilizasyon nan Atizay Piblik kòm yon fason yo refòm espas iben yo. John Lindsay (ki te vin majistra nan New York City an 1966) ak manm yo nan administrasyon li an te jwe yon wòl enpòtan kòm defansè atizay piblik, anbrase ekspozisyon travay atistik lib ak demokratik nan tout pak vil la ak nan espas sivik yo. Yo te santi ke eskilti te jwe yon wòl enpòtan nan revitalize lari yo ak plas yo ak pwomote espas piblik kòm akeyan ak san danje. Doris Freedman, ki te kle nan efò sa yo, te dirije Biwo Zafè Kiltirèl (Office of Cultural Affairs) la epi pita li te fonde Fon pou Atizay Piblik (Public Art Fund) la.

An menm tan an, anpil atis nan peryòd la te anbrase materyèl ak apwòch endistriyèl epi yo te kòmanse okipe gwo espas depo ki te vid yo nan anbalavil Manhattan kote yo te viv ak travay. Kòm atis eksperimante ak fòm ak mwayen inovan, ansanm ak nouvo fason pou prezante yo, yo te kòmanse enfiltre ak angaje yo ak espas yo nan vil la, anpil nan yo te abandone oswa nan delabre, lajman akòz abandon fabrikasyon endistriyèl.

Nan mitan ane 1970 yo, vil la te fè fas ak yon kriz fiskal grav, epi òganizasyon atistik san bi likratif ak prive yo, ansanm ak kolaborasyon piblik prive yo, yo te emèje pou sipòte endistri atizay la. Fon pou Atizay Piblik la, ki te fonde an 1977, te defann atizay piblik e li te prezante dè santèn ekspozisyon ak pwojè atis yo nan sit yo nan tout vil New York la. Yon lòt òganizasyon vital te fonde pa Alanna Heiss an 1971 kòm Enstiti pou Atizay ak Resous Iben Inc., (Institute for Art and Urban Resources Inc.) ki te òganize ekspozisyon nan espas abandone yo atravè vil la (epi pita ki devlope ki vin sa ki kounye a ke yo rekonèt kòm MoMA PS1). Creative Time, ki te etabli an 1974, te enpòtan tou. Etabli pa Karin Bacon, Susan Henshaw Jones, ak Anita Contini, Creative Time te vin yon òganizasyon ki t ap mennen nan vil la ki t ap fasilite atizay piblik eksperimantal. Li te travay ak plizyè atis pou òganize dè santèn travay inogirasyon, ki gen ladan ekspozisyon Art on the Beach anblemantik li a nan fen ane 70 yo ak nan kòmansman ane 80 yo, ki te fèt sou "plaj" dechaj ki te nouvo peyizaj iben, ki pa te konstwi ki te fèk fòm a nan Battery Park City.

Battery Park City te kòmanse nan fen ane 60 yo kòm yon pwojè remiz an eta pou ranplase waf ki te dilapide yo otou Hudson River a nan anbalavil Manhattan ak dechaj, ak devlope an yon gran vizyon pou konstwi yon sit rezidansyèl, pak, ak komèsyal miks ki mezire 37 kawo. An 1968, Eta a te kreye Battery Park City Authority a pou sipèviz devlopman ansyen zòn pòtyè a. Lè li sèvi avèk kantite sòl ak wòch masif ki te soti nan defouye pandan konstriksyon World Trade Center ak divès kalite lòt pwojè, ak mete li sou sipò sou plis 1.9 km nan litoral Hudson River a, Manhattan te pwolonje a kèk blòk anplis Hudson River ak teren kote yo te kreye syèj Battery Park City a. Sepandan, lajman akòz kriz finansye vil la, te gen mwen konstriksyon ki te kòmanse nan ane 70 yo, odela kreyasyon sit la. Pwojè atizay piblik yo te fè pati entegral plan direktè li yo epi yo te vin enkòpore kolaborasyon ak achitèk yo, achitèk peyizaj yo, ak atis tankou Mary Miss (South Cove) ak Ann Hamilton (Teardrop Park), epi yo gen ladan travay ki fèt pa Louise Bourgeois, Tom Otterness, ak Martin Puryear, anplis anpil lòt atis remakab.

\*\*\*\*\*

Yo te investi anpil nan òganizasyon pwojè sa a, patikilyèman nan teni kont de faktè konplike pandemi aktyèl la. Toudabò, nou ta renmen remèsye atis yo, Mildred Howard ak Ned Smyth, san angajman ak jenerozite yu nou pa ta kapab monte ekspozisyon sa yo. Nou swete remèsye patnè nou yo tou nan Battery Park City Authority pou devouman yo nan rann pwojè sa a pote fwi, patikilyèman Abby Ehrlich, BPCA Direktè Community Partnerships and Public Art,, ak Iphigenia Seong, BPCA Community Partnerships & Public Art Associate, ki gen te enpòtan nan devlopman *Intervention*; ak Eric Munson, Direktè Eksplowatasyon Jeneral, ak BJ Jones, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, moun sa yo nou apresye yo pwofondamn pou antouzyasm yo ak sipò yo.

Nan BMCC, Asistan Kiratoryal Elsy Benitez te founi asistans eksepsyonèl sou tout aspè nan ekspozisyon sa yo, fasilite nan chak etap pwosesi la; ak ekip Zafè Piblik la ki te dirije Direktè Egzekitif Manuel Romero, ak patikilyèman Espesyalis Miltimedya ak Videyo David Pangburn, te bay èd san parèy sou pwojè sa a ak kontni ki akonpaye li a. Nou adrese rekonesans ki pi sensè nou bay Prezidan Anthony Monroe, Vis Prezidan pou Avansman Enstitisyonèl la Lorna Malcolm, Konseye Jiridik Espesyal Meryl Kaynard, ak Vis Prezidan Adjwen pou Finans lan Elena Samuels pou èd ak ankourajman yo. Mèsi anpil tou a Jorge Yafar, Vis Prezidan Adjwen nan Campus Planning and Facilities, ak Cheryl Reiter, Sirentandan Administratif nan Buildings and Grounds. Anfen e sitou, nou ta renmen rekonèt gid etidyan nou yo: Kimberly Anderson, Evelyn Chavez, Elanna Conn, Tiffany Danielian, Isabela Figueroa, Isabel Lainez, Adaley Munoz, ak William Ortiz.

--- Lisa Panzera, Direktris, Shirley Fiterman Art Center, BMCC

Mildred Howard pwopoze Travay Atistik kòm Entèkansyon

Yo te kreye anpil nan zèv da ki nan Battery Park City an kòm entèkansyon nan espas piblik ki fèt pou envite moun k ap gade yo repanse ide yo sou lemond. Lè nou prezante travay atistik nan kontèks kad toulejou nou yo (olye de nan mize oswa nan kote prive), sa ba nou chans patisipe nan zèv la kareman ak dirèkteman. An 1982 lè Agnes Denes te plante 0.80 ekta epi te rekòlte 1,000 liv ble dore nan nouvo ranblè dezole Battery Park City an ki potko devlope lè sa a, li te kiltive avèk yon bi militan espesyalman pou kote sa a epi avèk pasyon yon ekolojis. Pou Denes, plante, okipe, ak rekòlte ble nan “kote sa a ki anfas Katye Finansye a, se te yon rezistans kont sistèm nan ki te kreye yon kontradiksyon puisan.” Denes te rele pwojè li an: “...enposib, fou, e k ap gaspiye pwopriyete apresyab. Li te sòti nan sousi ak nesosite ki te la depi lontan pou atire atansyon sou erè nou fè nan chwa priyorite nou yo. *Chan Ble: Yon Konfwontasyon (Wheatfield: A Confrontation)* se te yon senbòl. Pou mete an kesyon sitiyoasyon an epi atire atansyon sou move jesyon, gaspiyaj, pwoblèm ekolojik, ak ensekirite alimantè, epi pouse moun yo repanse priyorite yo.”\* Prèske karant an apre *Chan Ble* a, *Kay Ki P Ap Pase Pou Ankenn Koulè Apa Pa Li An (he House That Will Not Pass For Any Color Than Its Own)* (2011), yon èv Mildred Howard, se yon ajoutman pwovizwa nan gran koleksyon travay atistik piblik Otorite Battery Park City an. *Kay Ki P Ap Pase Pou Ankenn Koulè Apa Pa Li An* akeyi an silans moun k ap antre andedan mi mòv fonsè li yo. Lè yo fin andedan, moun k ap gade yo jwenn sipriz koulè ak fòm dwòl san lojik, sa ki pouse yo rekonsidere zèv la ak mond nou an. Menm jan ak *Chan Ble* a, zèv Howard la prezante kontradiksyon ki revele tèt yo an silans.

Plan pou prete *Kay Ki P Ap Pase Pou Ankenn Koulè Apa Pa Li An* nan men Depatman Ayewopò Sacramento a (Sacramento Department of Airports) te kòmanse an 2018 epi enstalasyon an te ouvè an 2020 avèk yon tristès enprevi nan kontrekou asasina terib George Floyd la, klamè piblik pwofon ak dirab pou jistis rasyal ki te suiv li an, nan mitan yon pandemi mondyal mòtèl. Menm jan an, plan pou ekspoze *Sou Kanno (In the Line of Fire)*, youn nan anpil egzanz puisan zèv Howard la nan ane 1990 yo, te kòmanse an 2019. Zèv da a reprezante, avèk yon rapò etranj, dekoupaj yon jèn sitwayen afwo-ameriken ki gen yon sib sou do li—yon lamantasyon ak yon repetisyon vyolans ke moun koulè ameriken yo ap sibi jodi a. Jan atis la fè nou sonje, “Yo tout se te e se pitit nou. Koulè po yo pa te dwe enpòtan.”†

Howard jwenn enspirasyon nan relasyon ki genyen ant listwa, kwayans, ak memwa kolektif la pou travay atistik ki fè panse a ni sa ki pèsònèl ni sa ki inivèsèl. *Sou Kanno* eksplwate rapò sa yo. Zèv la gen ladan

apeprè 60 fòm ki koupe nan playwoud, yo chak serigrafye avèk menm pòtre yon jènòm ki nan dènye ane adolesans li yo—yon fanmi Iwen Howard—ki te anwole oswa antre nan Lane Ameriken pandan Premye Gè Mondyal la. Gwoup jèn sòlda nwa yo fòme yon rejiman, sa ki fè nou sonje jan inite yo te separe nan fòs ame ameriken yo jiska Dezyèm Gè Mondyal la. Gen plizyè santèn milye jèn gason nwa ki te anwole avèk lespwa demontre yo sèvi ak fè pati sosyete ameriken an e ki te rankontre diskriminasyon rasyal ak ostilite ni aletranje ni lakay. Twoup premye liy afwo-ameriken yo te resevwa mwens fòmasyon e yo te ba yo misyon pi danjre—espesyalman, 369<sup>èm</sup> Rejiman Enfantri an te pase plis tan nan tranche epi te genyen plis viktim pase tout lòt inite ameriken nan Premye Gè Mondyal la. Malgre sèvis yo, sòlda afwo-ameriken ki te sòti nan lagè yo te jwenn rankè ak dezòd poutèt koze ras ke sipremasis blan yo te fè pandan “Ete Wouj” 1919 la.

Tout sòlda dekoupe Howard yo fè fas devan ogadavou. Sou do yo chak gen yon gwo sib. Lè w ap gade sòlda yo de do, yo se bagay, yo pa moun. Zèv da a ilistre listwa ak reyalyite prezan kò imen yo, sitou sa ki gen po fonse, ke yo toujou ak dezimanize epi mete “sou kanno” kòm sib vyolans. Wòch yo, senbòl fòs, anpile atè a sou galri an devan sòlda yo an yon ti mòn. Yo se alafwa tonm ak baryè pou kache. Howard site chante Nina Simone nan “Sinnerman,” ki se adaptasyon yon chante legliz afwo-ameriken, kòm enspirasyon li. Nan chante a, yon mesye kouri al bò yon wòch sèlman pou wè li pa ka kache. Pa gen refij, ni lè sa a ni kounye a, pou gason ak ti gason nwa kont vyolans y ap viv la, epi enstalasyon Howard la mande moun k ap gade yo pou yo konfwonte listwa ak eritaj rasis yo epi reflechi sou yo.

Howard rale *Kay Ki P Ap Pase Pou Ankenn Koulè Apa Pa Li An* sòti nan rezèvwa souvni li, rechèch li, ak imajinasyon li. Jan atis la di li an, zèv la se “yon senbòl klè lakay nan yon vil ki sansib a popilasyon divès Vil New York la e ki selebre listwa konplèks li ak bote tout koulè li an. *Kay la* se yon pon ki mennen sou kòt Lès ak Lwès yo, sou tan prezan ak tan pase, ak sou Vil New York ak lemond.”<sup>†</sup> Li mete an kesyon sa yon kay oblije genyen, avèk yon twati ak mi ki gen gwo espas ouvè. Vid enprevi yo se yon defi pou atant moun k ap gade yo epi yo sòlve kesyon sou sitiyasyon an: kisa lèzòm jije ki se refij akseptab pou tout moun? Menm si *Kay la* pase pou yon bilding san tanbou ni twonpèt nan mitan gratsyèl, lè ou gade pi pre li parèt ap flote anlè atè a. Li parèt solid ak tradisyonèl, epi yon fason kontradiktwa ensèten ak enkonplè an menm tan. Gen anpil pwoblèm k ap trakase atis la: enjistis baze sou konstriksyon mantal ras ak idantite, migrasyon entènasyonal, ensekirite lojman. *Kay la* bay yon kote pou reflechi sou yo.

Lè w ap gade deyò pandan ou andedan *Kay la*, panno vè yo ki fòme estrikti an aji tankou lantiy ki transfòme anviwònman an. Lè limyè solèy la ak limyè Rivyè Hudson nan refrakte a klere zèv da a, koulè

kramwazi ak mòv li an vin pi eklatan epi pèspektiv moun k ap gade yo chanje, li fè mòv fonsè kou lank *Kay la* vin wouj-mòv ak epi mòv ble pal ajante a vin lò woz. Koulè yo parèt transfòmè san efò, selon jan limyè ak lonbraj epi sifas transparan ak opak aji sou yo. Se yon plezi jan koulè *Kay la* pa konstan poutèt kapasite atis la pou li mele pigman ak konpreyansyon li sou refraksyon.

Prezèvasyon listwa ak atrap mank pèmanans la se youn nan plizyè aspè doub zèv Howard la benyen ladan yo. Ou kapab wè mòso agrandi lèt istorik vwayajè ki sòti nan lès yo pou migre California te ekri pandan Epòk Chèche Lò a sou mi an vè ak vèni dore yo nan *Kay la*. Vizitè yo wè reflè pwòp imaj yo nan kout penso k ap aji tankou miwa yo, epi pandan yo kanpe yon pye nan tan reyèl yon pye nan tan pase, imaj yo vin ti mòso k ap disparèt pou antre nan zèv la. Migrasyon ak etablisman nouvo kominote se bagay ki pwòch lavi atis la. Se li ki pi piti pami dis timoun, e li se sèl manm nan gran fanmi li an ki te fèt California lè fanmi an te kite Galveston, Texas. Istwa vivan yon lòt kote, yon lòt tan, ak lòt moun te ranplis li. Non li, resèt li pi pito yo, ak tradisyon yo nan fanmi li gen rapò avèk yon kominote lwen ki gen ladan li zansèt dorijin alman, angle, ak eskandinav ki te chwazi vini Etazini, ak moun Lafrik de Lwès yo te fè vin esklav ki te sòti nan Mali, Benen, ak Togo e ke yo te fòse vini.

*Kay Ki P Ap Pase Pou Ankenn Koulè Apa Pa Li An* gen yon panorama Estati Libète a atis la ankadre avèk papòt ouvè a. Lè ou kanpe nan papòt la, ou kapab admire senbòl libète a epi reflechi sou enjistis moun pa merite yo. Jan atis la di li an, “Kesyon yo sijere an silans yo se kontanplasyon epi wòl zèv da a kòm kote pou reflechi ak montre kiryozi sou lakay ak limanite se yon referans.”†

Atis abstrè parèy li yo Oliver Lee Jackson, Mary Lovelace O’Neal, Betye Saar, Dewey Crumpler, David Bradford, Howardena Pindell, ak Raymond Holbert, ki pale nan zèv yo de Afrikanis ak Eksperyans Nwa, se enfliyans enpòtan pou Howard, ki pote pwòp vizyon pa li kòm atis ak ajans li an kòm militan nan pwojè sa yo. Kounye a, de (2) jenerasyon apre Mouvmman Dwa Sivil la nan ane 60 ak 70 yo, ak aparisyon plis fanm ak moun koulè nan literati an, ak nan lèza vizyèl ak la espektak, Howard pèsiste nan bay kontradiksyon, enjistis, ak inegalite vwa. Sa fè li lapèn pou li temwen diskriminasyon kont moun ki te bati vil miltikiltirèl li an ak tout zòn Bè San Francisco a. Nan je pa li, melanj rich eritaj latino, azyatik, afwo-ameriken, ak ewopeyen ki genyen nan kominote a se sous vitalite ak kreyativite zòn nan. Howard kontinye konsantre san rete sou tan prezan epi an menm tan pran an kont tan pase, epi konsa kreye travay atistik ki mete limyè sou frajilite, debouyay, ak souplès lespri moun.

*Entèvansyon (Enterventions)* sòti nan konvèsasyon sou enpòtans wose travay atistik piblik ak puisans pwofon li nan ekspresyon ide ak santiman san mo. Koleksyon atistik piblik Battery Park City an, ki gen ladan zèv Ned Smyth, Mildred Howard, ak dizuit lòt, fè pati yon eksperyans izaj miks 20<sup>yèm</sup> syèk ki alafwa yon sistèm pak lavil, yon katye rezidansyèl, ak yon katye dafè ki chita anfas BMCC, youn nan kolèj ki gen plis diferan etnisite yo nan Vil New York. Nan toude espas yo, etidyan, rezidan, ak vizitè pale plizyè douzèn lang. Pa ensten, travay atistik piblik kapab kominike avèk nou tout. Menm jan li chanje peyizaj lavil la nan jan etonan, li kapab modifye pèsepsyon nou tou, envite ak amelyore imajinasyon nou, epi ankouraje nou repanse.

\* Emma Enderby, *Agnes Denes: Absoli ak Entèmedyè (Agnes Denes: Absolutes and Intermediates)*. New York: The Shed, 2019.

† Mildred Howard nan entèvyou avèk Abby Ehrlich, 2018.

---Abigail M. Ehrlich, Direktè Kolaborasyon Kominotè ak Travay Atistik Piblik, BPCA ak Iphigenia Seong, Asosye Kolaborasyon Kominotè ak Travay Atistik Piblik, BPCA

## **Ned Smyth: Moments of Matter and Life (Moman Matyè ak Lavi)**

An 1973, Ned Smyth te pran yon woulib pou retounen nan New York apre yon ete ke li t ap travay nan konstriksyon nan Aspen, lè yon veyikil pikòp te raze sou kote sou otowout New Jersey epi ofri li yon woulib. De mesye yo ki te nan veyikil la pa chans se te atis Keith Sonnier ak mizisyen Dickie Landry. Tou de t ap viv nan anbalavil Manhattan, epi rankont chansa a te lakoz Smyth entwodui li nan sèn atistik SoHo/Tribeca a. Sou sijesyon yo, Smyth te ale nan *Food*, yon restoran ak yon pwojè atistik ki fonksyone pa atis epi ki te fonde pa Gordon Matta-Clark ak Carol Gooden, kote yo te anboche li. Answit, Smyth te demenaje ale rete nan Tribeca (nan Ba Rejyon Lès la), kote li te rejwenn yon kominote bòs pent, eskiltè, dansè, mizisyen, ak powèt ki t ap devlope pratik atistik altènatif, ansanm ak espas kote pou yo montre travay . Li te ede tou nan 112 Greene Street, yon espas inogirasyon pou atizay kontanporen ki te emèje nan ane sa yo. Tèren sa te devni, kòm Smyth note, lekòl atistik li, ak kamarad atis ak konseye li yo, ki gen ladan Matta-Clark, Keith Sonnier, Jene Highstein, ak Richard Nonas, ki te vin zanmi pwòch. Kominote anbalavil la se te yon anviwònman ki te ini epi ki te trè kolaboratif kote atis yo te souvan travay ansanm epi ede youn lòt. Smyth te ede Matta-Clark ak yon seri travay renome "Anachitekti", pou travay sa Matta-Clark te koupe gwo sifas ak fòm seksyon an miray ak etaj apati estrikti achitektirèl ki deja egziste a ki te dwe anjeneralman sibi demolisyon.

Yo te envite Smyth pou montre pwòp travay li nan 112 Greene Street pita an 1973. Li te kòmanse koule beton de zan anvan, e li te kòmanse montre enstalasyon achitektirèl poto ki fèt ak siman ke yo koule pou sanble ak longè bwa 2x4 estanda keyo itilize nan konstriksyon. Repetisyon nan 2x4s yo ranje yo soulinye pa gradyasyon fantomatik gri ki evoke yon estrikti ki pa konplètman prezan. Minimalis se te vokabilè ki te dominan nan epòk la, epi Smyth site enstalasyon Carl Andre a ki te plase dirèkteman sou planche a, ansanm ak penti nwa redwui ak reye Frank Stella, kòm pwofondman enfliyan. Sepandan, pandan ke karakteristik Minimalis (itilizasyon inite modilè, monokwòm, ak repetisyon) te prezan nan premye travay Smyth yo, li pa te anplwaye menm estrikti a rijid la, depèsonalizasyon, ak repetisyon fòm konstan. Nan enstalasyon tankou 2x4 Hudson Street yo (ane 1972-93), sifas yo pa te janm konplètman

inifòm, koulè gri yo nan beton yo takte epi chanje, ak plasman objè yo te fèt yon fason entwitif olye yo te esklav yon fòmil.

Deplizanpli, Smyth te kòmanse sentetize ak enkòpore ak Women yo, chapito Ejipsyen yo, kolòn Womanèsk, ansanm ak miryad estrikti renesans yo, eskilti, ak penti li te rankontre kòm yon jèn. Papa li, istoryen an atizay selèb Craig Hugh Smyth, te pataje tan li ant New Jersey ak Itali, epi Smyth te pase anpil nan jènès li an Ewòp akonpaye papa li. Achitekti ak eskilti klasik li te rankontre yo, kolonad yo, ak yo, ak mozayik legliz womanès yo, katedral Gotik, ak tanp Women yo, ta gen yon gwo enpak sou li. Konsèp mas la, an patikilye, se youn nan konsèp li te eksplore nan tout travay li, epi Smyth te pami premye eskiltè yo nan ane 70 yo ki te angaje yo ak konsèp achitektirèl ak bati travay espesifi nan sit, sa ki te ouvri pòt pou enstalasyon atistik piblik a gran echèl.

Yo te envite Smyth pou montre enstalasyon li nan *Last Supper* nan *Rooms*, ki se ekspozisyon inogiral Alanna Heiss la nan PS1 an 1976, epi ane annapre a te resevwa premye enstalasyon atistik piblik li a. Depi lè sa a li te konplete plis pase trant pwojè piblik a gran echèl, ki gen ladan *The Upper Room* (1986; enstale an 1987) nan Battery Park City. Kòm li te devlope enstalasyon atistik piblik li yo, kolòn an beton li yo te vin deplizanpli anbeli ak lò ak seramik mozayik kouloure, sa ki te etabli li tankou yon figi enpòtan nan Modèl ak Dekorasyon (yon mouvman ki te enpòtan nan mitan ane 70 jiska 80 yo). Galeris Holly Salomon te soutni atis Modèl ak Dekorasyon yo epi se ak li Smyth te premye ekspoze an 1975. Atis ki te asosye ak mouvman an te elwanye abstraksyon rijid, yo te anbrase pito yon itilizasyon teksti, koulè, ak modèl dekoratif ki pi sansyèl. Bwouye distenksyon ant boza ak atizay dekoratif pandan y ap travay kont iyerachi yo te resevwa, atis yo te souvan adopte yon itilizasyon dekorasyon debride ki egziberan.

Smyth te kòmanse angaje egalman nan posibilite ki deplizanpli espresif, itilize motif ki sòti nan yon mond natirèl, tankou fèy palmis ak plant lotis, ki te pran estil chapito kolòn yo. Atravè itilizasyon mozayik, li te entwodwi koulè ak konsepsyon konplike, ansanm ak senbòl, ki repouse nosyon modèn yo ke selon yo menm modèl la pa esansyèl. Konbine yon fizyon òneman an lò



epi ki kolore, eleman dekoratif ki sòti nan lanati, referans istorik atistik, ak enfliyans non Oksidantal, Smyth te ekreye enstalasyon milti kouch epi vas.

Travay pliralis sa yo, ki te souvan kreye pou espas sivik, te vize pou pale ak yon odyans ki laj. *The Upper Room*, ki te kreye pandan peryòd sa a, sitiye nan antre Esplanade nan Albany Street, nan Battery Park City, e li defini nan yon kolonad ak yon seri kolòn endividye ki ankadre yon lakou oswa yon plas entèn. Pandan ke li ouvè a eleman yo, anndan espas la sanble kontni, sa ki kreye yon anviwònman ki evoke destriksyon tanp Grèk ak Women yo oswa anfiteyat ouvè a. Nan sant la gen yon tab ki long ak tabourè ki evoke Last Supper a (ki raple enstalasyon li ke yo te montre nan PS1 an), men tab la dekore avèk jwè echèk ki envite espektatè yo chita ak jwe. Wòch kayou wouj tankou mòtye kouvri estrikti an beton ak yon pye palmis nan sant li ki loje nan yon tonèl ki dekore ak seramik mozayik. Pandan l ap evoke yon plas sakre, piblik la envite pou patisipe nan yon fason layik, sa k ap kreye yon espas pou angajman kominotè. Alafwa serye epi lidik, ouvè, men evoke espas ki fèmen, solid men dekoratif, Smyth kreye yon travay ki kaptivan epi ki elokan.

Enstalasyon pi resan a gran echèl Smyth yo eksplòre fòm natirèl, kòm opoze a espas achitektièl, souvan sou yon echèl masif. *The Next Generation* (2012), yon eskilti monimantal apati fòmasyon wòch ki te kreye ak mous pentire ki dans, ki pandye nan atriyòm Science Hall la, nan Lehman College, CUNY. Istwa jewolojik nan rejyon an grave nan nan fòm lan, ki reflekte disiplin yo te etidye nan bilding ki loje li a. Nan tout Science Hall la, Smyth te enstale tou imaj ki tankou selil, ki fèt ak vè transparan, ki bay yon refleksyon panorama mikwoskopik sou fòm biyolojik, sa ki elaji domèn varye nan etid syantifik. Travay la jwe sou aspè echèl ak kote, ak makwo ak mikwo pèspektiv, ak reflekte eksplorasyon atistik la, ki elaji alafwa anndan ak deyò an menm tan an.

Nan plizyè fason, Smyth te toujou gen yon pasyon pou wòch, espas, ak echèl. Li te kontinyèlman envestige aspè pwosesis yo, materyalite, ak espas achitektonik, fè vayevyen ant kreyasyon "espas kloti" deyò (jan li te rele yo) ak travay estidyo li. Kontrèman ak sit a gran echèl

travay atistik piblik li yo, travay estidyo ankou li yo gen ladan eskilti ak foto ki fèt pou wè andedan. Yo kontanplatif ak merite respè nan yon fason ki gen rapò dirèkteman ak enstalasyon li yo; yo kontinye reflekte tou istwa pèsònèl li, ki te enfiltre nan travay li nan plizyè fason. Smyth te kite chanm Tribeca li a an 1994 epi demenaje ale rete nan Ekstremite Lès nan Long Island, pou finalman enstale li nan Shelter Island, kote li ap viv ak travay aktyèlman. Nan pwosesis dezanbalaj ak enstalasyon estidyo li, li te dekouvri ke li te gen plizyè bwat wòch ke li te kolekte yon fason entwitif pandan anpil ane. Smyth te vin kaptive pa fòm ak aparans wòch yo ak fòm repete yo te vin tounen yon nouvo vokabilè pou atis la. Yo te frape Smyth kòm yon rapèl eskilti klasik nan jèn li epi li te kòmanse kreye yon seri ki te atire enspirasyon ak yo. Eksperimante plis ak brendiy, foto nwa e blan gwo fòm, ansanm ak bwonze koule, mous iretán, ak enpresyon 3-D, Smyth te kòmanse eksplòre aspè definisyon an, materyèl, aparans, ak echèl ak obsesyon. Nan egzibisyon sa a, eskilti resan Smyth yo ak foto wòch ki mezire uit pye yo, ak eskilti an bwonz koule ak foto brendiy li yo, yo akonpaye pa yon enstalasyon ki gen kèk nan beton 2x4 li yo soti nan ane 70 yo. Kòm chemen ki mennen nan premye travay li yo ak sa ki pi resan yo temwanyen, ak prezantasyon kòt a kòt li a isit la, Smyth konsantre sou balans ki genyen ant lanati ak kilti.

—Lisa Panzera, Direktris, Shirley Fiterman Art Center, BMCC